ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ
JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVATCIYALAR MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

**"Tastıyıqlayman"**

**ÓzMK Nókis filialı direktorı**

**________________**

**«___» _________ 2025-jıl**

# KÁSIPLIK (DÓRETIWSHILIK) IMTIXANLAR BAĞDARLAMASÍ HÁM BAHALAW KRITERIYASÍ

60211500 – Tálim bağdarı: Saz atqarıwshılığı

60211501-Saz atqarıwshılığı: fortepiano (organ)
tálim bağdarı ushın

**Nókis – 2025 jıl**

*Bağdarlama Ózbekstan mámleketlik konservatoriyasınıń oqıw-metodikalıq keńesinde kórip shıǵılǵan hám maqullanǵan, 2025 jıl 17-iyun kúni Ózbekstan Respublikası Joqarı bilimlendiriw, ilim hám innovaciyalar ministrligi hám Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministrligi menen kelisilgen halda tastıyıqlanǵan úlgi bağdarlama tiykarında islep shıǵıldı.*

## Kirisiw

"60211501 - Saz atqarıwshılıǵı: fortepiano (organ)" tálim baǵdarı boyınsha **1-pán** kásiplik (dóretiwshilik) qánigelik imtixan baǵdarlaması, **2-pán** Muzıka tariyxı hám teoriyası páninen abiturientlerdiń ámeliy-teoriyalıq kónlikpe hám tájiriybelerin anıqlaw ushın baǵdarlanǵan. Bul tálim baǵdarı boyınsha hújjet tapsırǵan abiturientler muzıkalıq shıǵarmalardı atqarıw barısında jumıs orınlaydı. Orınlanǵan wazıypalar tastıyıqlanǵan kriteriya tiykarında bahalanadı.

## 1-pán

## "SAZ ATQARÍWSHILÍǴÍ: FORTEPIANO (ORGAN)"

### Pánniń maqseti hám wazıypaları

"60211501 - Saz atqarıwshılıǵı: fortepiano (organ)" tálim baǵdarı boyınsha dóretiwshilik imtixan baǵdarlaması abiturientlerdiń ámeliy atqarıwshılıq kónlikpe hám tájiriybelerin anıqlaw maqsetinde ótkeriledi.

Abiturientlerdiń ulıwma tayarlıq dárejesi, qábileti, talantı, bilimi, kózqarası, hám ziyrekligin esapqa alınǵan halda baǵdarlamanı ózlestiriwi ústinde jumıs alıp barıladı.

"Fortepiano (organ) atqarıwshılıǵı" pánin ózlestiriwden kelip shıǵatuǵın wazıypalar – abiturientler túrli jónelislerde bilimlerge iye bolǵanlıǵın, atqarıw sheberligin payda etiwden ibarat. Ayrıqsha itibar professional dárejeli atqarıw, joqarı dárejede kórkemligin kórsetip beriwge qaratılıwı kerek. "Fortepiano (organ) atqarıwshılıǵı" júzesinen abiturient dáwir talabına say kózqarası keń bolǵan, yaǵnıy insan mádeniyat tariyxı, rawajlanıw basqıshları tiykarınan, ádebiyat hám kórkem-óner tarawında tereń pikir júritiw menen birge, yaǵnıy payda bolǵan kompyuterler tizimindegi jáhán muzıkalıq baǵdarlamaler juzesinen de túsinik, kózqarasqa, bilim kónlikpelerge iye bolıwı shárt.

### Abiturient bilimine qoyılatuǵın talaplar

"60211501 - Saz atqarıwshılıǵı: Fortepiano (organ)" tálim baǵdarı boyınsha oqıwǵa kirip atırǵan abiturientlerdi saylaw maqsetinde imtixan talaplarına say baǵdarlardı atqarıp beriwi kózde tutıladı.

Oqıwǵa kiriwshi 30 minutqa shekem bolǵan waqıt dawamında atqarıw baǵdarlamasın (J.S.Baxtıń polifoniyalıq shıǵarması, klassikalıq sonatanıń bir bólegi

hám eki virtuoz etyud) atqarıp beriw talap etiledi.

**Saz atqarıw bağdarlaması**

"60211501 - Saz atqarıwshılıgı: Fortepiano (organ)" tálim bağdarına arza tapsırgan hámme studentler belgilengen dizim tiykarında, jeke tárizde, tayarlangan bağdarlamanı fortepiano menen yadtan atqarıp beredi.

Abiturient shıgarmalar nota tekstin qátesiz, shıgarmanıń pátin kórsetilgen tezlikte, atqarıw shtrixların durıs qollağan halda, intonaciya tazalılıgına ámel etip, hámme artikulyaciya talapların orınlap, sonıń menen birge, poziciya hám applikaturanı durıs qollağan halda, shıgarmanı kórkem túsinigi hám milliy qásiyetlerin tolıq ashıp bergen halatta atqarıp beriwi zárúr. Shıgarmada muzıkalıq qurallardıń qollanıwı, dawıs kúshi hám onı basqarıw hám onıń sıpatı tiykargı áhmiyetge iye.

**Atqarıw bağdarlaması tómendegilerden ibarat**

1. Atqarılatuğın bağdarlama óziniń quramalılığı boyınsha orta arnawlı oqıw orayları hám orta arnawlı muzıka mekteplerinıń pitkeriw dárejesine say keliwi kerek. Atqarılıwı shárt:

a) I.S. Baxtıń "Yaxshi temperatsiyalangan klavir"den prelyudiya hám, fuga atqarılıwı kerek (YTK, I-II);

b) klassik sonata - I yamasa II-III bólekler (Y.Gaydn, V.Mocart, L.Betxoven);

c) 2 virtuoz koncert etyudı (F.Shopen, N.Paganini-R.Shuman, F.List, N.Paganini-F.List, F.Mendelson-op.104, K.Debussi, A.Skryabin, S.Raxmaninov, I.Stravinskiy, S.Prokofyev).

**Túsindirme:** Etyudlardan birin Prokof'ev, Chernidiń "Tokkata"ları sıyaqlı virtuoz shıgarmaları menen almastırılıwı múmkin.

**Dóretiwshilik imtixan abiturient tárepinen orınlanatuğın ámeliy jumıs tómendegi kriteriya tiykarında bahalanadı:**

| № | Atqarıw talapları | Tolıq juwap ushın ball |
|---|---|---|
| 1 | Dóretpe nota tekstiniń tuwrılıgı | 10,0 |
| 2 | Dawıs sapası jáne onı basqarıw | 10,0 |
| 3 | Applikaturanıń qollanıwı | 10,0 |
| 4 | Sahna mádeniyatı | 10,0 |
| 5 | Artikulyaciya talaplarınıń orınlanıwı | 10,0 |
| 6 | Muzıkalıq ańlatpa qurallarınıń tuwrı qollanıwı | 10,0 |
| 7 | Shtrix hám dinamikalıq belgilerdiń qollanılıwı | 10,0 |
| 8 | Intonaciya tazalıgı | 10,0 |
| 9 | Dóretpe ózgesheligin ashıp beriliwi | 10,0 |
| 10 | Páttıń tuwrı tańlanıwı | 3,0 |

**Túsindirme:** Atqarıw bağdarlaması boyınsha toplaw múmkin bolgan maksimal ball – **93,0 ball.**

## 2-pán

## MUZIKA TARÍYXÍ HÁM TEORIYASÍ

"Muzıka tariyxı hám teoriyası" páninen sınawlar 3 basqıshta ótkeriledi:

1. basqıshta abiturient "Muzıka ádebiyatı" páni boyınsha awızeki sorawlarğa juwap beriwi kerek.

2. basqıshta abiturient "Garmoniya" páni boyınsha ámeliy tapsırmalardı orınlawı kerek.

3. basqıshta abiturient "Solfedjio" páni boyınsha ámeliy tapsırmalardı orınlawı lazım.

1-basqısh **"Muzıka ádebiyatı"** páninen sınawlar dásturiniń tiykarǵı maqseti- abiturientlerdiń "Muzıka ádebiyatı" páninen teoriyalıq bilim sheńberi, ámeliy kónlikpeleriniń rawajlanganlıǵı qay dárejede ekenligin anıqlawdan ibarat.

**Abiturient bilimine qoyılatuǵın talaplar**

Abiturient "Muzıka ádebiyatı" páninen oqıw baǵdarlaması sheńberinde tolıqlı bilimge iye bolǵanlıǵın awizeki yamasa jazba túrde názerge usınılıwı, óz juwabın muzıkalıq úlgilerdi fortepiano sazında shertip kórsetiw yamasa aytıp beriw arqalı tastıyıqlawı talap etiledi. Sınaw processinde abiturienttiń- erudiciya, mádeniy qubılıslardı ańlaw, muzıka kórkem-óneriniń tarıyxıy processlerdegi áhmiyetin túsiniw sıyaqlı qásiyetleri anıq sáwleleniw kerek.

**"Muzıka ádebiyati"** páninen awızsha tapsırmalar:

a) atqarıw baǵdarlamasına tiyisli sorawlar: (shıǵarmanıń formalıq tárepinen analizi, avtorı, jaratılǵan dáwiri hám atqarıw baǵdarı, atqarıwdıń kórkem qásiyetleri h. b.);

b) orta arnawlı bilimlendiriwdiń ulıwma kursi dárejesinde muzıka ádebiyatınan bilimlerdi;

v) janr hám forma kózqarasınan kishi kólemdegi - sonatina, romans, nama h.t.b. dóretpelerdi analiz etiw qábileti sıyaqlılardı óz ishine aladı;

Sonıń menen birge, «Muzıka ádebiyatı»nda abiturienttiń muzıka kórkem óneri hám basqa kórkem óner túrlerinen, ózbek hám shet el muzıkasında belgili hám ataqlı dóretpeler, zamanagóy dásturler haqqındaǵı bilim dárejesi qanday ekenligi bilip alınadı.

1-basqısh boyınsha bahalaw

| № | Sorawlar mazmunı | Tolıq juwap ushın ball |
|---|---|---|
| 1 | Shıǵarmaǵa tiyisli sorawlar | 3,0 |
| 2 | Shet el muzıka ádebiyatı boyınsha sorawlar | 6,0 |
| 3 | Ozbek muzıka ádebiyatı boyınsha sorawlar | 6,0 |
| 4 | Shıǵarmanıń janr hám forma kózqarasınan analizi | 6,0 |

1-basqısh **"Muzıka ádebiyatı"** boyınsha bahalaw ushın qoyılatuǵın maksimal ball - **21, 0** ball

2-basqısh **"Garmoniya"** páninen sınaqlar programmasınıń tiykarǵı maqseti - abiturientlerdıń "Garmoniya" páninen teoriyalıq bilim shеńberi, ámeliy kónlikpeleriniń qálipleskenligi qaysı dárejede ekenligin anıqlawdan ibarat.

Abiturientlar aldına tómendegi wazıypalar qóyıladı :

- klassik garmoniyanıń teoriyalıq nızamlıqların biliw;
- teoriyalıq bilimlerdı fortepianoda atqarıw arqalı kórsetiw;
- garmonik túsiniklerin qollaw arqalı Dáwriya formasında I-dárejeli turles tonallıqqa modulyaciyanı fortepianoda atqarıw, diatonik yamasa xromatik sekvenciyalardı atqarıw.

**Abiturient bilimine qoyılatuǵın talaplar**

Abiturient "Garmoniya" páninen oqıw baǵdarlaması sheńberinde tolıq bilimge ie bolǵan halda awızsha shınıǵıwlardı qátesiz orınlaǵanda, garmonikalıq nızamlıqlardıń sheshimin fortepianoda erkin kórsete alǵanda, tallaw procesinde garmonikalıq teoriyalıq hám ámeliy kónlikpelerin kórsetkende, sonday-aq, pán boyınsha bilimleri joqarı kórkem dárejede bolǵanda qoyıladı. Studenttiń garmoniyalıq yesitiw qábileti, garmoniyalıq strukturalardı fortepianoda orınlaw sheberligi ayqın kóriniwi kerek.

**Garmoniya páninen abiturient tárepinen orınlanatuǵın ámeliy jumıs tómendegi kriteriyalar tiykarında bahalanadı:**

1. Dáwir túrinde I dárejeli túrles tonlıqqa modulyaciyalardı fortepianoda orınlaw.
2. Diatonikalıq yamasa xromatikalıq sekvenciyalardı atqariw.

**2-basqısh boyınsha bahalaw:**

| № | Sorawlar mazmunı | Tolıq juwap ushın ball |
|---|---|---|
| 1. | Dáwir túrinde I dárejeli túrles tonlıqqa modulyaciyalardı fortepianoda orınlaw. | 15.0 |
| 2 | Diatonikalıq yamasa xromatikalıq sekvenciyalardı atqariw. | 6.0 |

**2-basqısh "Garmoniya" boyınsha bahalaw ushın qoyılatuǵın maksimal ball – 21, 0 ball**

3-basqısh **"Solfedjio"** páninen sınaqlar baǵdarlamasınıń tiykarǵı maqseti - barlıq qánigelikler ushın muzıkalıq esitiwdi rawajlandırıw hám kásiplik tayarlanıwda eń zárúrli predmetlerden esaplanadı. Muzıkalıq esitiwdi rawajlandırıw dárejesiniń joqarılıǵı, jırlaw ilmiy tájiriybesi hám muzıkalıq yadtı kúshliligi muzıkashılardı tárbiyalawda úlken áhmiyetke iye esaplanadı.

"Solfedjio" pánin ózlestiriwde júzege keletuǵın wazıypalar abiturientlerdiń túrli tarawlar boyınsha óz bilimlerin kórsetisleri ushın arnalǵan. Solfedjio páni boyınsha studentler úyrenilip atırǵan material járdeminde muzıkalıq esitiw, yadtı hár tárepleme rawajlandırıw, jırlaw hám tıńlaw, dawıs tazalıǵın baqlaw sıyaqlı bilim hám kónlikpelerge iyelewi kerek.

**Abiturient bilimine qoyılatuğın talaplar**

Abiturient “Solfedjio” páninen oqıw bağdarlaması sheńberinde tolıq bilimge iye bolğan jağdayda, notağa qaray atqarıwdı orınlağanda, muzıkalıq-teoriyalıq hám ámeliy kónlikpelerin kórsetkende, sonıń menen birge, pán boyınsha bilimleri joqarı dárejede bolğanında qoyıladı. Studenttiń solfedjio páninnen qábiletin anıq kóriniwi kerek.

**Solfedjio páninen abiturient tárepinen orınlanğan ámeliy jumıs tómendegi kriteriya tiykarında bahalanadı:**

1. Biytanıs bir dawıslı mısallardı dirijyorlıq etip atqarıw;
2. Intervallar hám akkordlardı esitip anıqlaw.

<u>3-basqısh boyınsha bahalaw</u>

| № | Sorawlar mazmunı | Tolıq juwap ushın ball |
|---|---|---|
| 1 | **Biytanıs bir dawıslı mısallardı dirijyorlıq etip atqarıw** | 15 |
| a) | Tonallıqtı tuwrı anıqlaw | 2 |
| b) | Sap jırlaw | 7 |
| c) | Ritmikalıq izbe-izlikke anıq ámel qılıw | 6 |
| 2 | **Intervallar hám akkordlardı esitip anıqlaw.** | 6 |
| **Jámi** | | **21,0** |

3-basqısh “**Solfedjio**” páni ushın qoyılatuğın maksimal ball – **21,0** ball.

**“Muzıka tariyxı hám teoriyası”** páni ushın qoyılatuğın **maksimal ball – 63,0 ball.**

**Tálim jónelisinde kásiplik (dóretiwshilik) imtixanlarğa jámi qoyılatuğın maksimal ball – 156,0 ball.**

**Ijodiy imtihonni oʻtkazish tartibi**

"60211501 – Saz atqarıwshılığı: fortepiano (organ)" tálim bağdarı boyınsha hújjet tapsırğan abiturient kestesi tiykarında aldınnan belgilengen múddetlerde Nókis qalasındağı Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı imaratında dóretiwshilik imtixan tapsıradı. Imtixanlar jeke tártipte qabıllaw komissiyası tárepinen belgilengen auditoriyalarda ótkeriledi.

Dóretiwshilik jumıstı qabıl etetuğın komissiya abiturientlerden atqarıw bağdarlaması boyınsha imtixandı qabıl etip aladı.

**Appelyaciya tártibi**

Abiturientler tárepinen kásiplik (dóretiwshilik) imtixan nátiyjeleri boyınsha konservatoriya qabıllaw komissiyasınıń apellyaciyalar menen islew komissiyasına nátiyjeler dağaza etilgen kúnnen (waqıttan) baslap 24-saat dawamında shağım etiwi múmkin. Múrajat mazmunında tek abiturient ózi toplağan balları haqqında bolsa qabıl etiledi, bıraq basqa abiturientlar haqqında jazılğan shağım arzaları qabıl etilmeydi.